**दिन–बुधवार** **दिनांक–19.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अंतरिक्ष मे नओ मास बितेबाक बाद सुनीता विलियम्स आ बुच विल्मोर आइ सवेरे सुरक्षित पृथ्वी पर वापस आबि गेलाह। दुनू अंतरिक्ष यात्री स्पेश एक्स क्रू नाईन कैप्सूल मे सवार भऽकऽ फ्लोरिडाक समुद्र तट सँ दूर सुरक्षित उतरलनि। दुनू अंतरिक्ष यात्री पृथ्वीक गुरूत्वाकर्षणक अनुकूल हेबा लेल पैंतालीस दिनक पुनर्वास कार्यक्रम मे सम्मिलित भऽ गेलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क्रू नाईन मिशनक पृथ्वी पर सुरक्षित वापसी सुनिश्चित करबाक लेल अथक परिश्रम कयनिहार लोक सभ के बधाई देलनि अछि। प्रधानमंत्री एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे सुनीता विलियम्स आ क्रू नाईन अंतरिक्ष यात्री लोकनि एक बेर पुनः दुनिया के देखौलनि अछि जे दृढ़ताक वासतविक मतलब की अछि। ओ कहलनि जे ई धैर्य, साहस आ असीम मानवीय भावनाक परीक्षा छल। श्री मोदी कहलनि जे अज्ञात परिस्थिति मे हुनक अटूट दृढ़ संकल्प लाखों लोक के सदिखन प्रेरित करत।

---

केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कहलनि अछि जे सरकार आतंकवादक विरूद्ध जीरो टॉलरेंसक नीति अपनौलक अछि। ओ कहलनि जे एकर परिणाम स्वरूप देश मे आतंकी घटना मे उल्लेखनीय कमी आयल। श्री राय राज्यसभा मे आइ एक प्रश्नक उत्तर दैत कहलनि जे सरकार राष्ट्रीय जांच एजेंसी एनआईए के आओर बेसी सशक्त बनौलक अछि, ताकि देशक बाहर सेहो आतंकी घटना आ गतिविधिक जांच कयल जा सकय। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार देश सँ आतंकवाद के समाप्त करबाक लेल कड़गर डेग उठा रहल अछि।

---

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे बिहार माछक उत्पादन मे नब्बे प्रतिशत आत्म निर्भर भेल अछि। राज्य सभा मे सदस्य संजय झाक प्रश्नक उत्तर मे केन्द्रीय पशुपालन आ मत्स्य मंत्री राजीव रंजन उर्फ ललन सिंह कहलनि जे आब बिहारक माछ आनो राज्य मे जा रहल अछि। एहि सँ पूर्व संजय झा कहलनि जे प्रधानमंत्री

बिहार के माछ उत्पादन के बढ़ावा देबाक लेल दू सय संतानवे करोड़ टाकाक पैकेज देलनि।

———————————————————————

प्रवर्तन निदेशालय ईडी राजद अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री लालू प्रसाद सँ जमीनक बदला नोकरी घोटाला सँ जुड़ल मनी लॉन्ड्रिंग मामिला मे आइ पूछताछ कयलक। एहि सँ पूर्व आइ सवेरे श्री प्रसाद अपन बेटी आ लोकसभा सदस्य मीसा भारतीक संग जांच अधिकारीक सोझा प्रस्तुत हेबाक लेल पटना स्थित ईडीक क्षेत्रीय कार्यालय पहुंचलाह। विदित अछि जे एजेंसी काल्हि पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी आ हुनक पैघ पुत्र तेजप्रताप यादव सँ एहि मामिला मे घंटो पूछताछ कयने छल।

———————————————————————

एहि मध्य राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव कहलनि अछि जे सत्ता पक्ष राजनीतिक लाभ लेल जांच एजेंसीक दुरूपयोग कऽ रहल अछि। दोसर दिस केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद सँ ईडीक पूछताछ के आवश्यक जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे जांच एजेंसी अपन काज कऽ रहल अछि। श्री सिंह कहलनि जे बिहार के साफ छविक मुख्यमंत्री चाही आ एहि वास्ते नीतीश कुमारक विकल्प नहि अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक अंधराठाढ़ी मे एखन भामती वाचस्पति महोत्सव शुरू भऽ रहल अछि। कला संस्कृति आ युवा विभाग द्वारा आयोजित एहि दू दिवसीय महोत्सव मे भाग लेबाक लेल नामी–गिरामी कलाकार लोकनि पहुंचल छथि।

———————————————————————

मिथिला क्षेत्रक डीआईजी डॉक्टर स्वपना गौतम मेश्राम आइ समस्तीपुर मे पुलिस अधीक्षक कार्यालय समेत विभिन्न कोषांगक निरीक्षण कयलनि। ओ पुलिस के अपराधी सभक विरूद्ध सख्त कार्रवाई करबाक निर्देश सेहो देलनि।

———————————————————————

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक अंतर्गत ललित नारायण जनता कॉलेज मे स्नात्कोत्तरक पढ़ाई लेल मांग कयल जा रहल अछि। मिथिला स्टूडेंट युनियन कहलक अछि जे स्नात्कोत्तरक पढ़ाई नहि हेबा सँ एहि ठामक छात्र–छात्रा के परेशानी भऽ रहल छनि, तै एहि वास्ते चरणबद्ध आंदोलन कयल जायत।

———————————————————————

सेपक टाकरा विश्वकप दू हजार पच्चीसक आयोजन काल्हि सँ पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्टस कम्प्लेक्स मे कयल जायत। प्राप्त जनतबक अनुसार मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि बिहार मे पहिल बेर आयोजित भऽ रहल एहि विश्वकप केर उद्घाटन करताह। टुर्नामेंट मे भारत, जापान, ब्राजील, फ्रांस, इटली, मलेशिया, ईरान समेत बीस देश भाग लऽ रहल अछि। एहि सँ पूर्व काल्हि खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता भारतीय सेपक टाकरा टीमक जर्सीक अनावरण कयलनि। जाहि पर बिहार लिखल अछि।

———————————————————————

समाप्त